

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar hal-hal anu aya patalina jeung métode panalungtikan, nyaéta nu ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data nu di jerona aya instrumén data sarta ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Saacan medar ngeunaan desain panalungtikan, dipedar heula ngeunaan métode panalungtikan jeung pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan.


Unggal panalungtikan tangtu bakal miboga métode anu béda-béda, anu saluyu jeung objék anu ditalungtikna. Métode panalungtikan nyaéta cara atawa léngkah-léngkah anu digunakeun panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Dina métode anu digunakeun bisa mangrupa angkét, wawancara, niténan hiji hal atawa observasi, ngalaksanakeun tés sarta dokuméntasi (Arikunto, 2013, kc. 103).

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta métode nu digunakeun pikeun ngungkulan hiji pasualan anu sipatna bener-bener kajadian ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, ngaanalisis, sarta nafsirkeun data (Arikunto, 2006, kc.239). Ananpon sababna ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif kusabab ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun data frasa sifat, wanda frasa sifat, adegan frasa sifat, jeung patali harti antarunsur frasa sifat nu kapanggih dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu digunakeun dina kondisi objék alamiah, anu mana panalungtik mangrupa instrumén konci, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara gabungan, analisis data miboga sipat induktif, sarta hasil panalungtikanana leuwih nyoko kana ma'na batan *generalisasi* (Arikunto, 2010, kc. 3).

Dina panalungtikan tangtu waé aya desain panalungtikanana. Desain panalungtikan nyaéta rarancang ngeunaan cara ngumpulkeun jeung nganalisis data sangkan bisa dilaksanakeun sacara éféktif sarta luyu jeung udagan panalungtikan

anu rék ditalungtik (Nasution, 2009, kc. 23). Desain ieu panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta frasa sifat anu nyampak dina Novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* Mh. Rustandi Kartakusuma. Anapon anu dianalisisna nya éta frasa sifat, wanda frasa sifat, adegan frasa sifat, jeung patali harti antarunsur frasa sifat. Sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék nu bisa dipaké pikeun nyangking data. Sumber data panalungtikan mangrupa subjék ti mana data panalungtikan bisa dimeunangkeun (Arikunto, 2010, kc. 172).

Anu jadi sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma, jeung sadaya référénsi anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Ari datana nyaéta sakabéh kalimah anu nyampak frasa sifat dina Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma. Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma mangrupa novél anu kakara medal di taun 2018. Ieu mangrupa novél anu struktur kabahasaanana ngagunakeun basa Sunda mangsa kiwari, anu tangtu geus aya bébédana jeung struktur basa Sunda mangsa heubeul. Ku kituna, panalungtik milih ieu novél salaku sumber panalungtikan, sangkan mikanyaho tur ngadéskripsikeun frasa sifat nu nyampak dina ieu novél, anu struktur kabasaanana ngagunakeun basa Sunda mangsa kiwari, anu geus ilahar di masarakat sarta digunakeun dina komunikasi sapopoé.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang, sarta hasilna leuwih hadé. Dina harti, leuwih taliti, lengkep jeung sistematis nepi ka leuwih babari diolahna.

Instrumén panalungtikan dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun kartu data digital. Anapon digunakeunana kartu data ieu panalungtikan sangkan leuwih babari diolah sacara lengkep, taliti, sarta sistematis pikeun nganalisis frasa sifat nu nyampak dina Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma.

Tabél 3.1
Kartu Data Digital

No.	Data
01	(SSSS/337/4)
02	(SSSS/354/6)

Katerangan kartu data:

01 : Nomor Data
 SSSS : Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan
 337 : Paragraf
 4 : Kalimah

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun format analisis data saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Tabél Data Frasa Sifat

No. Data	ID	Data	Larapna dina kalimah

Tabél 3.3
Tabél Data Wanda Frasa

No. Data	ID	Data	Wanda Frasa	
			Koordinatif	Atributif

Tabél 3.4
Tabél Data Pola Adegan Frasa Sifat

No. Data	ID	Data	Adegan

Tabél 3.5
Tabél Data Patali Harti Antarunsur Frasa Sifat

No. Data	Data	Patali Hari Antarunsur Frasa Sifat								
		JM	PM1	PM2	TG1	TG2	TG3	UD	PMK	ASP

Keterangan:

- JM : jumlah
- PM1 : pamilih 1
- PM2 : pamilih 2
- TG1 : tingkat 1
- TG2 : tingkat 2
- TG3 : tingkat 3
- UD : undak
- PMK : pamungkir
- ASP : aspék

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta téhnik dokuméntasi. Téhnik anu kacida penting tina téhnik-téhnik anu séjénna nya éta

Elih Halimatus Sa'diyah, 2020

ADEGAN FRASA SIFAT DINA NOVEL SABOBOT SAPIHANAÉAN SABATA SARIMBAGAN KARYA MH. RUSTANDI KARTAKUSUMAH

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

téhnik dokuméntasi. Téhnik dokuméntasi nya éta néangan hal-hal atawa variabel anu mangrupa catetan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulén rapat, lengger, agénda, jrrd (Arikunto, 2010, kc. 274). Téhnik dokuméntasi dipaké pikeun meunangkeun informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data ngeunaan frasa sifat anu ngawengku frasa sifat nu kapanggih, wanda frasa sifat, adegan frasa sifat, jeung patali harti antarunsur frasa sifat dina Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* ku Mh. Rustandi Kartakusuma.

Saperti anu ditétélakeun ku Arikunto, téknik dokuméntasi téh néangan data dina catetan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, jrrd, ku kituna dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik dokuméntasi, kusabab sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa buku, nya éta Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* ku Mh. Rustandi Kartakusuma.

Prak-prakan dina ngumpulkeun datana nya éta:

- a. Nangtukeun sumber data nyaéta Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma.
- b. Maca sagemblengna Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma.
- c. Nyirian frasa sifat tina sumber data.
- d. Nyalin frasa sifat kana kartu data, sangkan datana jadi leuwih babari diolah.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Nazir (2014, kc. 315) nétélakeun téhnik ngolah data atawa analisis data nya éta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana. Dina ngolah data, digunakeunana téhnik analisis data nu mangrupa téhnik analisis unsur langsung. Dilaksanakeunana téhnik analisis langsung kusabab sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa wangun tinulis, udaganana pikeun maluruh hal-hal anu patali jeung déskripsi frasa sifat.

Sabada data dikumpulkeun, data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Niténan sarta mariksa deui data frasa sifat nu geus kapaluruh dina Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah.

- b. Nyusun data frasa sifat dina tabél sacara alfabétis tur méré nomor kode dina kartu data.
- c. Nyieun papasingan frasa sifat dumasar kana wanda frasa dina tabél sacara alfabétis.
- d. Nganalisis frasa sifat dumasar kana pola adegan frasa sifat dina tabél sacara alfabétis.
- e. Nganalisis frasa sifat dumasar kana patali harti antarunsur frasa sifat dina tabél sacara alfabétis.
- f. Ngadéskripsikeun frasa sifat dumasar kana tiori nu digunakeun, nyaéta tiori Sudaryat; jeung
- g. Nyieun kacindekan ngeunaan frasa sifat tina data nu geus dipaluruh.